



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON SIS LISANS ALKÒL ANPLIS NAN ETA NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS**

***168 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la***

***Fòs entèkansyon milti-ajans lan te prèske reyalize 6,000 verifikasyon konfòmite ant lendi ak vandredi, li te obsève 35 vyolasyon anplis nan Vil New York ak nan Long Island***

***926 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta a te sispann lisans alkòl pou sis lòt ba/restoran nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 168. Ant lendi ak vandredi swa, fòs entèkansyon milti-ajans eta a -- ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) a te dirije -- te mennen plis pase 5,981 verifikasyon konfòmite, ki anrejistre vyolasyon nan 35 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Travay di Nouyòkè yo ap bay rannman, avèk Eta a ap mentni yon to enfeksyon ki mwens pase 1% pandan plis pase twa semèn dafile — men nou dwe rete vijilan epi kontinye swiv enstriksyon yo ki te mennen nou kote nou ye a oswa risk pou nou rechite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konfòmite nan endistri ki gen gwo risk yo tankou ba ak restoran yo te enpòtan pou atenn pwogrè sa a, epi kòm sispansyon jodi a yo montre, Eta a pral rann move aktè yo ki mete sante piblik la an danje responsab. Gran majorite pwopriyetè ba yo kontinye pran ijans sante piblik sa a oserye, men mesaj mwen pou ii kantite moun ki ouvètman meprize règleman yo senp: nou pa pral tolere ou mete oumenm, kliyan ou yo, anplwaye ou yo, vwazen ou yo, ak re-ouvèti nou an anba risk."

**Prezidan Otorite Alkòl Eta a, Vincent Bradley, te deklare,** "Nou ap wè plis konfòmite nan tout Eta a kòm rezilta travay di fòs entèkansyon an ak mezi pwopriyetè biznis ki gen konsyans yo pran ki ap mete sante piblik ak sekirite dabò. Men nou toujou nan mitan yon pandemi global, epi fòs entèkansyon an pral kontinye pran mezi kont ti kantite etablisman ki vyole an tout konsyans règleman ki gen rapò ak kowonaviris yo".

Sis etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, New York Santral, ak nan Long Island.

Nan Vil New York, repatisyon awondisman an gen ladan:

1. Brooklyn - 3

Andeyò Vil New York, repatisyon konte a gen ladan:

1. Nassau - 1
2. Oswego - 1
3. Suffolk - 1

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 25, 27 ak 28 out yo, ki te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo. Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

Sis ba yo ke yo te sispann la nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

**"Blu Mar" nan 136 Main Street nan Southampton, nan dat 25 out 2020**

Bò apwoksimativman 6:00 PM nan dat 22 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans la ak ofisye ki soti nan Depatman Cherif Konte Suffolk la te obsève yon liy kliyan ki te ap tann pou antre nan etablisman an pandan yo te inyore distans sosyal ak onz kliyan ki te kanpe epi ki te ap bwè sou teras la. Anketè yo re retounen yon èdtan pita, yo te dokimante plizyè kliyan ki kanpe ozalantou ba a. Yo te obsève anpil kliyan ak pèsonèl nan tout nwit lan san kouvèti pou figi. Menm nwit lan, yon ajan minè ki gen mwens pase 18 ane te kapab achte alkòl pandan de (2) okazyon diferan san yo pa te mande li idantifikasyon. Biznis lan se yon residivis, ke Depatman Cherif Konte Suffolk la te jwenn oparavan restoran an ap fonksyone kòm yon diskotèk nan date 16 out, avèk yon DJ; kliyan yo te ap danse, yo pa te pote kouvèti pou figi epi yo te inyore distans sosyal yo; epi yon animatè egzotik te ap danse nan pati siperyè ba a, an vyolasyon lisans etablisman an, ki pa gen otorizasyon pou amizman pou granmoun.

#### **"Sazon Ramirez II" nan 241 Nassau Road nan Roosevelt, nan dat 25 out 2020**

Nan dat 23 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a, Depatman Lapolis Konte Nassau (Nassau County Police Department) a ak Komisè Ensandi Konte Nassau a te reyalize yon ankèt konjwen, kote yo te jwenn magazen manje an -- ki pa otorize pou sèvi alkòl pou konsomasyon sou plas ditou -- te ap fè fonksyone yon diskotèk, avèk katòz kliyan ki te ap bwè byè andedan espas la ak sis anplwaye ak pwopriyetè a ki pa te pote kouvèti pou figi. Nan sousòl la, anketè yo te dekouvri dis kliyan ki ap bwè alkòl nan yon chanm kache avèk yon gwo ekran televizyon, djoukbòks ak aparèy elektwonik pou jwèt aza. Yo te bay magazen manje a senk sitasyon pou tribinal kriminel ki soti nan Depatman Lapolis Konte Nassau a, kat sitasyon pou tribinal kriminel ki soti nan men Komisè Ensandi Konte Nassau a, ven vyolasyon kòd batiman, ak sis vyolasyon sekirite ensandi ak lavi.

#### **"House of Yes" nan 408 Jefferson Street nan Brooklyn, nan dat 27 out 2020**

Nan dat 21 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te obsève yon atmosfè ki sanble ak diskotèk ki gen gwo foul moun dirèkteman devan espas la, avèk gwo mizik, ak omwen trant kliyan ki te ap konsome alkòl sou tab yo ki te sitiye ak mwens sis pye youn ak lòt. Yo pa te ap sèvi okenn manje, kote direktè a te admèt ke kwizin lan pa te operasyonèl -- yon vyolasyon lwa Eta a depi 1964. Anketè yo te dokimante tou yon anplwaye san kouvèti pou figi ak anpil vyolasyon sekirite ensandi ak lavi.

#### **"Nancy Restaurant" nan 2961 Fulton Street nan Brooklyn, nan dat 27 out 2020**

Nan dat 26 out, ofisye NYPD yo te obsève apwoksimativman dis kliyan andedan espas la ki ap konsome alkòl, an vyolasyon restriksyon pou manje andedan yo ki te an vigè depi 16 mas 2020. Ofisye yo te rapòte ke yo pa te ap sèvi okenn manje, an vyolasyon enstriksyon egzijans pou manje andedan yo, epi ke kliyan yo te ap konsome alkòl, menm si espas la sèlman gen lisans pou vann byè ak diven.

#### **"The Ferris Wheel" nan 6 Market Street nan Oswego, nan dat 28 out 2020**

Baze sou kantite plent yo ke ba a te genyen gwo foul moun ki pa te kenbe okenn distans sosyal, anketè SLA yo te vizite etablisman an nan dat 27 out epi yo te obsève apwoksimativman kenz kliyan ki kanpe nan liy deyò ba a ki ap tann pou antre. Liy te ogmante vit nan apwoksimativman venn senk moun, yo te obsève anpil nan yo san kouvèti pou figi epi tout te inyore distans sosyal yo. Anketè yo te revele idantite yo epi yo te antre nan espas la, kote yo te dekouvri ant karant ak senkant kliyan nan dezyèm etaj la, ki te ap danse ak konsome alkòl, nan vyolasyon total règleman distans sosyal yo ak pou kouvèti pou figi yo. Anketè yo te remake tou ke yo pa te ap sèvi okenn manje pandan enspeksyon an. Yo te apèn bay lisans pou alkòl Ferris Wheel la nan dat 8 jiyè 2020.

#### **"Lover's Rock" nan 419 Tompkins Avenue nan Brooklyn, nan dat 28 out 2020**

Nan dat 27 out, anketè yo avèk fòs entèkansyon milti-ajans Eta a te obsève kat kliyan ki te kanpe dirèkteman devan espas la ap konsome alkòl epi espas pou manje deyò etablisman an te etann devan yon biznis vwazen. Yo te obsève tou uit kliyan tou ki te ap kòmanse alkòl nan lakou deyò a san manje. Pwopriyetè a te admèt ke li pa te gen okenn sèvis manje -- yon vyolasyon lwa Eta a depi 1964 -- epi anketè yo te detèmine ke biznis lan pa te genyen yon otorizasyon nan men Depatman Sante (Department of Health) Vil New York la pou sèvi manje. Anketè yo te obsève tou yon ajan sekirite san lisans san yon kouvèti pou figi.

###